# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–16 नवम्बर 2025** **भोजपुरी समाचार**

रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह आ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में वीरांगना ऊदा देवी के बलिदान दिवस पर उनके मुरती क अनावरण कइलें अउर वीरांगना के पुस्पांजलि अरपित कइ के सरधांजलि दिहलें। ऊदा देवी क अदम्य साहस के नमन करत रक्षा मंत्री कहलें कि उनके अप्रतिम पराक्रम आ अदम्य साहस न खाली अंगरेजी सेना के धूरि चटवलस बलुक राष्ट्रप्रेम क अइसन मानक बनवलस जवन अनंतकाल ले भारतीयन के प्रेरणा देत रही। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि ऊदा देवी नारी सक्ति के साथे हर देसवासी बदे प्रेरणा क स्रोत हइनि। उनकर बलिदान हम्मन के सीखि देला के अन्या बड़हन होखे त ओकर बिरोध ओहू से बड़हन होखे के चाही। मुख्यमंत्री कहलें कि–

***आज का यह अवसर हमें एक महान वीरांगना के प्रति उनकी स्मृतियों को नमन करने, वर्तमान पीढ़ी को राष्ट्रीयता के साथ जोड़ने का एक माध्यम प्रदान करता है। और नारी शक्ति का सम्मान, वंचित वर्ग का उत्थान, यह डबल इंजन की सरकार का मुख्य ध्येय है। और वीरांगना ऊदा देवी हमें याद दिलाती हैं कि नारी शक्ति कितनी समर्थवान है। यह वीरांगना ऊदा देवी, वीरांगना अवंतीबाई लोधी, वीरांगना झलकारी बाई कोरी, इनकी शहादत और इनका बलिदान इस बात की प्रेरणा हम सभी को प्रदान करता है।***

**********

सोनभद्र जिला में काल्हि संझा एगो खदान धंसले से एगो मनई क मउति हो गइल। खदान में दस से बेसी लोगिन के फंसले क अनेसा हौ। मृतक क शव बरामद कइ लिहल गइल हौ। एनडीआरएफ, एसडीआरएफ आ ओइजा क प्रसासन मजुरहन के निकारे बदे पुरहर कोसिस कइ रहल हौ। अपर पुलिस महानिदेसक पीयूष मोर्डिया बतवलें कि बिल्ली मारकुंडी गांव में कृष्णा खदान के भित्तर एगो देवालि ढहले से मजूर अन्दरवें फंसि गइलें।

***कल दोपहर बाद यहां सोनभद्र में ओबरा स्थित इस माइन में कुछ पत्थर और मलबा गिरने से मजदूरों के दबे होने की आशंका है इसमे तुरंत यहां पुलिस और सीआईएसएफ, एनडीआरएफ, एसडीआरएफ टीमें आगई थी। कल रात्रि से लागातार जो है उस मलबे को हटाने का कार्य चल रहा है और बिना रूके चल रहा है एक व्यक्ति के शव को बरामद किया गया अभी अन्य लोगो को ढुड़ने का प्रयास जारी हैं।***

**********

सूचना अउर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव आ सूचना अउर प्रसारण राज्य मंत्री डॉ. एल. मुरुगन आजु नई दिल्ली में राष्ट्रीय प्रेस दिवस 2025 समारोह में सामिल भइलें। येह कार्यक्रम में भारतीय प्रेस परिषद क अध्यक्ष न्यायमूर्ति रंजना प्रकाश देसाइयो मौजूद रहलिनि। श्री वैष्णव संवाददाता लोगिन से कहलें कि हम्मन के लोकतंत्र में प्रेस भूमिका बहुते खास हवे।

**********

प्रदेस में धान खरीद सत्र में पंजीकृत होखे वाले किसानन क संख्या चारि लाख के करीब पहुंचि गइल हौ। खाद अउर सरद विभाग के मोताबिक तिरपन हजार तीनि सौ तीस किसानन से तीनि लाख बारह हजार मीट्रिक टन धान क खरीदि हो चुकल हौ। किसानन के सुविधा बदे चारि हजार एक सौ तैंतालीस धान खरीदि केन्द्र बनावल गइल हौ। धान खरीदे बदे खाद्य विभाग क पोर्टल www.fcs.up.gov.in चाहे यूपी किसान मित्र पर पंजीकरण जरूरी हौ।

**********

बनारस के रणबांकुरे स्टेडियम में आजु अग्निवीर सेना भर्ती रैली में गाजीपुर जिला के अभ्यर्थियन क चयन प्रक्रिया पूरा भइल। येह भरती बदे बारह सौ साठि अभ्यर्थियन के बोलावल गइल रहे, जेहसें से एक हजार पचीस मौका पर पहुंचलें। दौड़ अउर सारीरिक नाप–जोख पूरा कइले के बाद छौ सौ चउहत्तर अभ्यर्थी अगिला फेरा में पहुंचि गइलें।

**********

अजोध्या धाम के श्रीराम मंदिर में पचीस नवम्बर के होखे वाला ध्वजारोहण कार्यक्रम के नाते चउबीस नवम्बर के राति से रामलला क दरसन आम सरधालुअन बदे बन्द कइ दीहल जाई। श्रीराम जनमभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट क महासचिव चम्पत राय बतवलें कि सुरक्षा अउर कार्यक्रम के गरिमा के देखत पचीस नवम्बर के भक्त लोगि मंदिर में दरसन नाहीं कइ पइहें। टीवी अउर एलईडी स्क्रीन पर ध्वजारोहण कार्यक्रम सोझे प्रसारित होई।

**********

ग्रेटर नोएडा के सहीद विजय सिंह पथिक स्टेडियम में आजु विश्व बॉक्सिंग फाइनल कप क सुरूआत भइल। अड़तालीस किलो भार वर्ग के पहिला मैच में भारत क मिनाक्षी, कजाकिस्तान क बोलट अकबोटा के हरा दिहलिनि। वर्ल्ड बॉक्सिंग कप फाइनल में सतरह देस क खेलाड़ी हिस्सा ले रहल हवें।

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी आ पच्छिमी इलाकन में अगिला तीनि दिन ले देर राति से भिन्नहीं ले हल्लुक से मधिमाहे कुहेसा क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के मोताबिक येह दौरान मौसम सुस्क रही आ तापमान में कउनों बड़हन बदलाव देखे के नाहीं मिली।

**********